

JIWAN muncul pertama kali di kamarku lima hari lalu, tanpa peringatan. Seperti bayangan senja yang tiba-tiba menyelinap, ia menyeruak masuk, melempar tubuhnya ke kasur, dan menatap langit-langit seakan ada dunia lain yang ia amati di sana. Aku yang sedang menulis hanya melirik sekilas, lalu kembali fokus pada layar laptop. Sudah biasa Jiwan datang tanpa permissi, apalagi saat pikirannya penuh puisi.

“Kau tahu, ada perempuan di ujung kota.” Jiwan memulai. Aku hanya mengangguk tanpa menoleh. Cerita tentang perempuan-perempuan dalam hidupnya sudah menjadi langganan. Penyair jalanan sepertinya tak pernah kehabisan kisah cinta, meski aku tahu sebagian besar hanya ilusi atau metafora dari sesuatu yang lebih dalam.

“Kali ini berbeda,” lanjut Jiwan. “Matanya seperti menyimpan semua rahasia dunia.”

Aku tertawa kecil. “Jiwan, semua perempuan yang kau ceritakan selalu punya mata yang ‘berbeda’. Ada lagi yang baru?”

Dia diam, lalu bergumam, “Tunggu saja.”

Hari kedua, Jiwan datang lagi. Kali itu wajahnya lebih serius, matanya redup. Ia tak langsung berbicara, hanya menghela napas panjang sebelum akhirnya membuka cerita yang sama. “Perempuan itu menunggu sesuatu.”

Aku mulai bosan sikapnya. “Menunggu apa? Kau tak pernah selesai cerita. Ada ujungnya atau tidak?”

Jiwan menatapku, matanya seperti mencari sesuatu di wajahku. “Kau tak mengerti, ya?”

“Ya jelaskan kalau mau aku mengerti,” jawabku kesal.

Ia tersenyum kecil, lalu beranjak pergi. Hari ketiga, ia datang lagi. Kali ini dia hanya duduk di sudut kamar, memainkan gitar kecilnya, melantunkan lagu tanpa lirik. Setiap nada seperti menggantung di udara, menciptakan ketegangan yang entah datang dari mana. Aku mulai merasa ada sesuatu yang janggal, tetapi tak bisa kujelaskan.

Hari keempat, segalanya terasa lebih berat.

Jiwan berbaring lagi di kasurku, matanya kosong, tetapi ada sesuatu di dalamnya. Semacam beban.

“Dia ada di sana,” bisiknya.

“Siapa?”

“Perempuan itu. Di ujung utara kota.”

Aku menatapnya lama. Jiwan bukan tipe orang yang mudah terbawa perasaan, apalagi sampai empat hari berturut-turut hanya memikirkan satu hal.

“Jiwan, apa yang sebenarnya terjadi?”

Dia tidak menjawab, hanya bangkit dan keluar tanpa pamit.

Keesokan harinya, Jiwan tidak datang. Ada sesuatu yang hilang. Aku mencoba melanjutkan hari seperti biasa, tetapi ada kegelisahan yang menggantung. Akhirnya, aku memutuskan pergi ke tempat yang disebut

Jiwan. Perjalanan terasa panjang. Jalanan berdebu, sepi. Tempat itu seperti terjebak di masa lalu. Rumah-rumah tua berdiri sunyi, seakan menyimpan cerita yang tak pernah selesai. Lalu, aku melihatnya. Seorang perempuan duduk di depan rumah kayu. Matanya dalam. Terlalu dalam. Ada sesuatu yang familiar, tetapi tak bisa



kujelaskan.

“Kau menunggu seseorang?” tanyaku.

Dia hanya tersenyum, senyum yang terasa seperti bayangan masa silam.

Aku kembali ke kota dengan kepala penuh tanda tanya. Di kamar, kutemukan secarik kertas di meja. Tulisan Jiwan. “Cerita itu bukan tentang dia. Ini tentang kita. Kau yang tak pernah melihat, aku yang selalu menunggu. Terlambat, bukan.”

Ingatan yang terkubur muncul. Perempuan itu adalah kenangan yang pernah kuabaikan. Jiwan selalu memberiku petunjuk, tetapi aku terlalu buta untuk melihat. Mungkin Jiwan bukan sekadar penyair. Mungkin dia adalah bayangan dari sesuatu yang hilang dalam diriku. Sesuatu yang tak pernah kusadari sampai semuanya terlambat.***

*) **Yuditeha**, penulis yang tinggal di Karanganyar. IG: @yuditeha2



Mia Amelia Harun

GELANDANGAN TUHAN

I

Senin malam ini aku tak membawa pulang ikan jangan berawai sayang sebagai gantinya tadi aku menangkap waktu ia sedikit berontak mencakar langit mengalirkan malam yang penuh dengan mimpi kulihat, mimpi-mimpi itu tumpah pada rumah-rumah lapuk serta kuburan-kuburan kering. membenahi dan membasahi mereka.

Aku tak sempat menampungnya aku terlalu fokus pada waktu yang kian berontak. hampir saja cakamya mengenai jaket yang selalu kau peluk saat kita nikmati suasana malam milik Bandung Selatan di balik motor bebek yang menjadi maskawinku sekarang, kukarungi waktu, tak perlu mengendalikannya kita semua malah dianggap rantai olehnya kita ikat saja! lalu memanggangnya siapa pun belum pernah menyantap waktu.

Kita yang pertama kali mencobanya aku harap, kita tak akan lagi kelaparan sayang sebab batas-batas

telah kita telan.

II

Sehabis kau membawa waktu yang sekarat mengotori dapurku, sekarang kau bertolak memangkas duka, mengikatnya dan mengantonginya menuju pembuangan bermuram durja aku tak mengetahui di manakah tempatnya aku tak boleh mengikutimu, bertanya kabarmu atau sekadar absen meminta selfimu, tak bolehkah kubekal resah ini padamu di balik pesanku? Bukalah!

Kenapa kau buang duka itu sayang? bukankah kisah kita akan membosankan, jika terus terasa menyenangkan? di malam yang kelam duka itu pasti tumbuh lagi jangan memangkasnya! dan pergi jauh-jauh membuangnya kita sementara, meski waktu sudah menjadi ampas.

Kita hanya perlu menyeduhnya menikmati duka sebagai hidangan penutup menambahkan sedikit gula yang orang tua kita bekal

kita akan mengejek duka agar ia tak lagi tumbuh dengan tawa serta obrolan bersama di pinggir kolam malam ini.

Seharusnya.

III

Dan semua penjuru Bandung Selatan menghakimi masa lalu di headline rasa atas terdakwa kau dan aku yang menewaskan kasih dan membuang jasadnya.

Maka ke manakah lagi, hindari setiap tatap ingatan pada seringai malam yang kini mengintai di balik stir motor bebek mereka lampu-lampu perkotaan yang kini terasa sedang melepaskan keromantisan yang ia tangkap saat itu, mengeroyokku bersama kesendirian.

Tubuhku habis, perih dan linu aku sekarang gelandangan yang terkapar membiru di trotoar terasing dari lalu lalang pengertian atap dan alasku, digusur emosi dan rombongan ego. tak kusangka nafsu lebih berkuasa dariku.

Cinta.

PASIENT KRITIS

Hari ini aku sakit Serabut otot-ototku pecah Lambungku terasa pedih Sekujur badanku panas Matakuburam dan aku kehilangan kesadaran

Aku dilarikan ke Rumah Sakit Dokter memeriksa keadaan “Itu hanya gelaja ambisius, dia baik-baik saja sus, adakah keluhan lainnya?”

“Kepalanya terus memuntahkan tanya tentang keadaan satu nama dok!” “Astaga, ini pasien kritis!”

*) **Miaaharun atau Mia Amelia Harun**. Lahir di Bandung, 16 Juli 2001. Bekerja sebagai guru. Lebih banyak tentangnya ada di @miaaharun_

MEKAR SARI

”NANING kuwi isih tresna marang sisihane. Mula arep balen. Dadi sliramu ora usah ngarep-arep dhe-weke.” Tangan sing wis takangkat arep ndhodhog lawang, mudhun maneh, krungu swarane Mbak Nana kang nyebut jenengku. Karo sapa Mbak Nana anggone guneman? Lan seka ngendi Mbak Nana duwe panemu menawa aku arep balen karo Mas Anjar?

Aku isih meneng. Kepengin ngerti sabanjure, uga sapa sing diajak guneman Mbak Nana. Lan apa tujuwane Mbak Nana ngandhakake kabeh mau marang wong liya?

“Bener, Naning arep balen?” Aku njenggirat krungu swarane priya sing lagi guneman karo Mbak Nana, swarane Mas Haryo. Priya kang wis telung sasi iki pancen nyedhaki aku lan miturut Bapak Ibu katon nduweni rasa marang aku.

“Iya. Tur Naning kuwi rak randha. Lha sing pantes dadi sisihanmu rak ya sing prawan kaya aku, dudu randha.”


Jleb! Luhku netes tanpa bisa dipenggak. Pratelane Mbak Nana nglarani atiku. Aku pancen randha lagi patang sasi iki. Idahku kena diarani uga lagi rampung. Dadi randha marga sisihanku Mas Anjar, cengkiling lan ora menehi aku napkah kang cukup. Rong taun bebrayan, kena diarani ora diwenehi napkah.

Senajan bayare akeh, nanging aku mung diblanja sayuta kanggo wong saomah, kang saben ndinane ora gelem menawa mung ana lawuh tahu-tempe. Kamangka dhuwit sayuta mau isih kanggo tuku gas, pulsa listrik. Menawa aku sambat, ora mung ngunekke boros, ngunthet dhuwit blanjn, lan sapanunggal. Nanging tangane Mas Anjar banjur kemlawe, cengkiling banget. Kamangka neng ngomah aku kaya batur. Wiwit resik-resik, umbah-umbah, nganti masak, kabeh aku sing nandang. Adhiku ipe bocah wedok blas ora ngerti gaweyan ngomah.

Mbak Nana uga mangerteni, kenangapa aku rapak. Ngerti dhodhok selehe, dheweke uga nyengkuyung. Nanging kenangapa Mbak Nana saiki sajak ngina aku sing randha? Kamangka

sasuwene iki sesambunganku lan dheweke, ora ana masalah. Malah dheweke tansah ngenalke aku jejer sedulur sinarawedi, *sahabat*. Kok saiki salin srengat?

Thimik-thimik aku njangkah metu seka plataran omah kuwi. Ora sida maradhayoh. Aku gela, kuciwa marang Mbak Nana sing tak kira kekancan kanthi ati tulus. Kamangka, anggonku tepungan karo Mbak Nana pancen wis suwe. Nalika dheweke-e ujian maesi manten, aku dadi paragane. Wektu kuwi aku isih SMA, meh sepuluh taun kepungkur.



“KOK Mbak Nana wis meh rong sasi ora ketok. Akeh gaweyan, pa?” Pandangune Ibu, Minggu sore kuwi, nalika lenggah bebarengan neng tritisan mburi omah. Pancen sawise aku wurung menyang omahe, rong sasi kepungkur, antarane aku, Mbak Nana, lan Mas Haryo banjur ora ana sesambungan maneh.

“Mbokmenawa wae, dheweke lagi ribet. Jeneng perias rak akeh warga sing ngoyak mantu sadurunge pasa, ta. Lha Naning dhewe saiki wis ora duwe wektu kang kobet.”

Aku mesem krungu pangandikane Bapak, kang sajak nyindhir. Mbokmenawa Bapak rada gela, Setu wingi ngajak dolan menyang Boyolali nanging aku emoh. “Kesel, Pak,” aturku. Kamangka Bapak wis ngendika ana papan-papan sing bisa dadi bahan

critaku kanggo mulang bocah-bocah TK. Ana Candi Lawang, Candisari, Patirtan Cabean Kunti, trus ana Tapak Nata, Susuh Angin, lan sapanunggal.

Sawise dadi randha, aku bali neng daleme Bapak-Ibu, kanthi pengangkah ora ngebot-boti Bapak-Ibu, banjur golekan gaweyan. Senajan mung tani, Bapak-Ibu ya dudu wong kekurangan. Mung wae aku kepengin nyambutgawe, mundhak nglangut.

Rejeki pancen ora bisa dioyak. Ndilalah kersane Allah, nalika ngancani Ibu tindak-tandak esuk, kepethuk Bu Wiwin, dhosen pembimbing skripsi mbiyen. Nalika didangu kok ya blakasuta menawa dadi randha lan nganggur. Mula Bu Wiwin banjur ngajak ngurusi sekolahan PAUD lan TK *full day* duweke sawijining yayasan kang wis kondhang, lan pancen lagi mbutuhke tenaga-tenaga profesional. Lagi meh rong sasi iki anggonku nyambutgawe.

“BAPAK Ibu, wonten tamu,” ature Mak Yah, abidine Ibu. Mireng atur mau, kabeh menyat, banjur irit-iritan mlebu ngomah. Langkahe padha mandheg nalika mangerteni tamune Mbak Nana lan Mas Haryo. Sejatine Mbak Nana ngerti menawa Mas Haryo biyen ngesir aku. Nanging saiki kaya ora apa-apa. Malah kanthi ngguyu kang renyah matur lan nyuwun

donga pangestu menawa arep ngresmekake bebrayan karo Mas Haryo, seminggu maneh.

Maknyut, aku kelingan prastawa meh telung sasi kepungkur nalika aku arep menyang omahe. O ... dadi iki tujuwane, ngelek-elek aku. “Ya apik Mbak, pancen menawa isih jaka, apike oleh prawan, dudu randha ...,” prate-laku rada sengak.

Wong loro kuwi njenggirat kaget. Nanging banjur Mas Haryo sing njawab. “Aku uga ndedonga Ning, muga anggonmu balen karo Mas Anjar kaleksanan lan bisa bebrayan luwih apik.”

“Sapa kandha Naning bakal balen karo Anjar, takajak wong kuwi. Ora ana crita iku.” Sora pengendikane Bapak, sajak duka. Raine Mbak Nana pucet.

(minomartani, nalika purnama sasi februari 2025)



Roso Titi Sarkoro

LANGIT PETENG NYEPETKE WENGI

langit peteng kebuntel mendhung ireng sore kaya tempe kejiret layung geseng abang mega sirep ninggal tapak bureng alam sawegung arupa raseksa sila njenggureng

langit gentoyong abot kembang luh sore dilarapke mlebu luweng wengi bumi satemah anyep njejep, kekes anyes kaku cahya sirep ambles diuntal kahanan rengu

jagat jawa kaya-kaya nyingitke wewadi kebuntel mendhung mawa wisa remuk rempu keprungu ayun-ayunan campuh perang brubuh kari nunggu bendhe ditabuh

gamelan ngrangsek nyeseg srepeg kasentak nyengka kendhang ngaplak miyak wengi nyalawadi, sawalike wingit paraga srakah dioyak sima mungkasi crita

*

Temanggung, Januari 2025

SETAN LOMBOK

simbok mbengok merga lombok kanggo ngenggokke playune maling kepergok nylamur laku durjana raja aguna lelethejing jagat nguntal malang negara

lombok setan disawatke ngobong langit tanpa pawadan ndedel njiret nambah pait kahanan kisruh tumpang suh ora cetha endi kanca endi mungsuh

pokale sapa desa kutha dislomot gedreg udreg lombok setan kanggo medhesi kahanan setan lombok ngebyok nggrayak nggarong godhong suket dilimpe asu rondha ora nggape

simbok-simbok umyek usrek mumet semlemet ngobong godhong suket bumi satemah nabuh kenthong titir tengara ngobahke oyot-oyot ngrungkat wit-witan

angin bebaratan mikut setan lombok maling aguna biyang kerok lelethejing jagat mbubrah negara babi srakah ora mokal nyoronggot lakune sejarah ora bakal kacanggih colong playu, yen apes wis dumadi

Temanggung, Januari 2025